*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№176 (26628)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 25 сентябрь – рухæны мæйы 25 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪÆУГÆ НЫХАС
*Зымæгмæ цæттæдзинад*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Хицауадæй**

# Терроризмы ныхмæ гæрæнтæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ амыдта, афтæмæй Алагиры скодтой регионалон Оперативон штаб æмæ Терроризмы ныхмæ къамисы иумæйаг æмбырд.**

Æмбырды архайдтой УФ-йы Президенты Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын минæвары аппараты сæйраг федералон инспектор Цæгат Ирыстоны **Сергей Гончаров**, РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз,** Республикæ Цæгат Ирыстоны Хицауад æмæ Сæргълæууæджы Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим**, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Томайты Ирбег,** республикæйы Сæргълæууæджы æххуысгæнæг **Вадим Лесь**, цæстдарæн æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты æмæ æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ.

Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, уымæ гæсгæ ахæм æмбырдтæ арæзт цæудзысты алы районы дæр, цæмæй бынаты уавæр хуыздæр бæрæггонд цæуа.

Боны фæткы цы фарстатæм æркастысты, уыдоны 'хсæн уыд бынаты æцæг уавæр сбæрæг кæнын, тасдзинад цæмæй фæкъаддæр уа, уый тыххæй профилактикон куыст фæкарздæр кæнын. Уæлдай æргом аздæхтой, рæзгæ фæлтæры 'хсæн терроризм æмæ экстремизмы идеологийы ныхмæ тохы мадзæлттæм.

Æмбырды раныхас кæнгæйæ, Сергей Меняйло загъта, терроризм ма æруадзыны тыххæй профилактикæйы фарстаты хъуамæ æмархайд кæной æппæт хъæугæ ведомствæтæ æмæ структурæтæ.

– Фæнды мæ фæбæрæг кæнын республикæйы барадхъахъхъæнæг æмæ хицауады оргæнты хорз иумæйаг куыст. Фæлæ нын улæфты рæстæг нæй, æнæмæнг нæ хъæуы дарддæр дæр уыцы хъуыддæгтыл кусын, – загъта Сергей Меняйло.

Уæлдай арфæйы ныхæстæ регионы разамонæг загъта барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæн, æвзæрстыты рæстæг фыдракæндтæ æмæ æгъдаухæлдтытæ кæй не 'руагътой, уый тыххæй.

Дарддæр раныхас кодтой Мидхъуыддæгты министрады пъæлицæйы разамонæджы хæдивæг РЦИ-Аланийы **Наниты Роберт**, национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Бæгъиаты Алан** æмæ ахуырад æмæ наукæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Алыбегты Эллæ.**

Алагиры районы профилактикон куыст куыд æххæстгонд цæуы, уый тыххæй радзырдта муниципалон сконды сæргълæууæг **Демыраты Вячеслав**.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Парламентæй**

# Дзанайты Барис – республикæйы Хицауады Сæрдар

**Знон уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай фæндзæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Парламенты сессийы архайдтой республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Уæрæсейы Федерацийы сенатортæ **Мамсыраты Таймураз** æмæ **Виталий Назаренко**, сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, респуб-ликæйы Хицауады уæнгтæ, тæрхонадон æмæ барадхъахъхъæнæнæг оргæнты, бынæттон хиуынаффæйады администрациты æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.



Депутаттæ, фыццаджыдæр, равзæрстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдары бынатмæ **Дзанайты Барисы** снысан кæныны тыххæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы фæндоныл сразы уæвыны фарста. Куыд зонæм, афтæмæй Сергей Меняйло æвзæрст æрцыд республикæйы Сæргълæууæгæй. Конституцимæ гæсгæ, йæ хæс у, нырмæ чи куыста, республикæйы уыцы Хицауад отставкæйы арвитын æмæ дыууæ къуыримæ Хицауады ног Сæрдар снысан кæнын, дыууæ мæймæ та – министрты ног кабинет.

– Дзанайты Барисы уе 'ппæт дæр хорз зонут. Иумæ бакуыстам фондз азы. Фарстатæ лыг кæнгæйæ, Дзанайты Барис иумæйаг æвзаг ардта æмæ æмархайд кодта Парламенты æппæт фракцитимæ дæр. Хицауады, æнæмæнг, уыдзæн ивддзинæдтæ, фæзындзæн дзы ног адæймæгтæ. Хицауады Сæрдарæн æппынкъаддæр уыдзæн æртæ хæдивæджы. Ивддзинæдтæ уыдзæн районты разамонджыты 'хсæн дæр, алцыдæр – Конституцийы уагæвæрдмæ гæсгæ. Æппæт ивддзинæдтæн сæ нысан у иу – адæмы цард хуыздæр кæнын. Депутаттæй курæг дæн, цæмæй рахæцой Дзанайты Барисы республикæйы Хицауады Сæрдары бынатмæ снысан кæныны мæ фæндоны фарс, – загъта Сергей Меняйло.

Уый фæстæ Парламенты Сæрдар ныхасы бар радта Дзанайты Барисæн. Уый бæстон æрдзырдта, фæстаг фондз азмæ республикæйы цы арæзт æрцыд, цавæр ивддзинæдтæ æрцыд промышленносты, экономикæйы, царды иннæ къабæзты, цавæр программæтæ æмæ проекттæ æххæст кодтой, цал æмæ цал социалон объекты æрцыд арæзт кæнæ та бындурон цалцæггонд, æппæт уыдæтты фæдыл.

– Хæстæ нырма сты бирæ. Æххæстгæнинаг алы хъуыддаг дæр нын у зындгонд. Æмæ сыл дарддæр дæр архайдзыстæм, Ирыстоны цæрæг адæмæн сæ уавæртæ хуыздæрæй-хуыздæр цæмæй кæной, уый тыххæй, – загъта Дзанайты Барис.

Депутаттæ æргомæй хъæлæс кæныны уагæй, хъæлæстæ электронон хуызы нымайыны системæйæ пайда кæнгæйæ, æмхъæлæсæй равзæрстой Дзанайты Барисы республикæйы Хицауады Сæрдарæй.

Депутаттæ æмхъуыды кæй разындысты, уый фæдыл сын Сергей Меняйло арфæ ракодта æмæ загъта: «Депутаттæ, фыццаджыдæр, ...

тат цавæр партийы уæнг у, уымæ хъуамæ ма кæсæм, фæлæ æрбангом уæм, нæ тыхтæ баиу кæнæм æмæ æмзондæй архайæм, нæ размæ цы фарстатæ лæууы, уыдон алыг кæнынæл. Не 'ппæтæн дæр нæ куысты сæйраг нысан хъуамæ уа адæймаг, йæ нывыл цард,



йæ домæнтæ æмæ тыхст фарстатæ, æмæ уыцы хуызы архайдзыстæм дарддæр».

Уый фæстæ ныхасы бар райста Мамсыраты Таймураз. Сенатор зæрдиаг арфæ ракодта Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймуразæн, æрæджы йæ 60 азы юбилей кæй сбæрæг кодта, уый фæдыл æмæ Уæрæсейы Федерацийы Федералон æмбырды Федерацийы Советы Сæрдар **Валентина Матвиенкойы** номæй йын ратта Арфæйы фыстæг æмæ Федерацийы Советы кадджындæр хæрзиуæг – «Федерацийы Советы Кады нысан». Мамсыраты Таймураз куыд загъта, афтæмæй нæ республикæимæ баст цыдæриддæр фарстатæ, закъонæвæрынадон хъæппæристæ вæййы, уыдонмæ Федералон Советы каст цæуы фыццаградон хуызы, æмæ, се 'ппæт кæд нæ, уæддæр сæ фылдæр федералон æмвæзадыл разыйы дзуапп райсынц.

Тускъаты Таймураз арфæ ракодта бæрзонд хæрзиуæджы тыххæй æмæ Мамсыраты Таймуразæн ратта, РЦИ-Аланийы Парламенты 30 азы юбилейы фæдыл нысангонд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Кады нысан.

Уый фæстæ депутаттæ ракъахтой Рæстдзинады фæдыл закъоны проекттæ ...

хызтысты республикæйы закъонты проекттæ æвзарын æмæ сын сæ фæдыл закъонтæ фидар кæныны куыстмæ. Парламенты уæнгтæ фыццаг бакасты равзæрстой, республикæйы Сæргълæууæг кæй бацæттæ кодта, уыцы закъонты проекттæ, се 'хсæн «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон æвзæгты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Раныхасгæнæг – национ ахастдзинадты фæдыл министр **Бæгъиаты Алан** куыд загъта, афтæмæй закъон сфидар кæнын домы историон рæстдзинад. Фыццаг хатт æй Парламентмæ республикæйы Хицауад барвыста 2014 азы, æмæ йыл уæдæй абонмæ ныхас цыд. Документы мидис у дыууæ æвзагæй дæр – уырыссаг æмæ ирон æвзагæй – æмхуызонæй пайда кæнын хицаудзинады оргæнты архайды, паддзахадон кусæндæтты, алыхуызон организациты, дзыллон хабархæссæг фæрæзты æмæ афтæ дарддæр, алы ран дæр дыууæ æвзаджы æмбар куыд уой, афтæ. Дæс азæй фылдæр фарстайыл ныхас цыд экспертон тыгъдады, æхсæнады. Йæ алыг кæныныл архайдта ирон æвзаг бахъахъхъæныны фæдыл сæрмагонд къамис дæр. Се 'ппæт дæр бакодтой стыр куыст. Документ ацыд барадон гæрæнтæ. Сразы йыл сты Хицауад æмæ республикæйы Сæргълæууæг, афтæмæй закъоны проект Парламент сфидар кодта фыццаг бакасты.

Парламенты уæнгтæ байхъуыстой 2026 азы фыццаг æмбисы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет сæххæст кæныны фæдыл финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Оксана Каровайы** дзуаппон раныхасмæ. Куыд загъта, афтæмæй амынд рæстæгмæ бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 25 миллиарды æмæ 630 милуан сомы, хæрдзтæ – 28 миллиарды æмæ 062 милуан сомы, афтæмæй, бюджеты кадавар рауад 2 миллиарды æмæ 432 милуан сомы. Хъалонты æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæ уыдысты 11 миллиарды æмæ 261 милуан сомы, лæвары хуызы бюджетмæ кæй барвыстой, уыдон – 14 миллиарды æмæ 370 милуан сомы, дотацитæ та – 8 милуаны æмæ 414 милуан сомы. Бюджет бахъахъхъæдта йæ социалон ахадындзинад. Афтæ, социалон хæстæ æххæст кæнынæн бахъуыд æппæт хæрдзтæн сæ 72,5 проценты. 7 миллиарды æмæ 138 милуан сомы æрвыст æрцыд бынæттон бюджеттæн баххуыс кæныны тыххæй, 4 миллиарды æмæ 790 милуан сомы та – национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ æххæст кæнынæн. Афтæ, бæлвырд министры хæстæ æххæстгæнæг æрдзырдта афæдзы фыццаг æмбисы бюджеты æппæт хæрдзтыл дæр.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр**. Афтæмæй, министрады дзуаппон документ депутаттæ хорзыл банымадтой.

«Муниципалон сахат»-ы фæлгæты депутаттæ байхъуыстой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Кировы районы муниципалон сконды социалон-экономикон рæзты тыххæй» бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Батиаты Хъазыбеджы** раныхасмæ æмæ «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Дыгуры районы муниципалон сконды социалон-экономикон рæзты тыххæй» бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Цагъаты Сосланы** раныхасмæ.

Парламенты уæнгтæ ма сфидар кодтой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст æндæр закъонты проекттæ дæр.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Æмбырд**

# Зианхæссæг продукцийы тыххæй

**УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг Денис МАНТУРОВ промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухы ныхмæ цы Паддзахадон къамисы æмбырд сарæзта, уым видеоконференцийы бастдзинады фæрцы архайдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ДЗАНАЙТЫ Барис.**



Рæгъмæ рахастæуыд агропромышленносты химион зианхæссæг буаргъæдтæ – пестицидтæ æмæ агрохимикаттæй æнæзакъонæй куыд пайдагонд цæуы, уыцы фарстатæ. Денис Мантуров куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй 2025 азы ацы продукцийы хуызты бæрц Уæрæсейы фæфылдæр 11 проценты. Уыимæ, базарады та дарддæр уæйгонд цæуы «цырд буаргъæдтæ» кæй хонынц, ахæм фæрæзтæй дзаг продукци æнæ регистрацийæ. Лыггæнинаг фарстайы фæдыл ныридæгæн ахъаззаджы мадзæлттæ арæзт цæуы. Ацы аз хъæууон хæдзарады къабазы федералон закъонмæ ахæм ивддзинæдтæ хаст æрцыд, æмæ амынд продукци уæй кæныны бар нал уыдзæн. Уымæй уæлдай, 1 сентябрæй фæстæмæ æппæт химион хъацæнты хицæн хуызтæ æнæмæнг хъуамæ уой маркировкæтимæ.

Боны фæткмæ ма хаст æрцыдысты, бирæфатерон хæдзæртты цы маркетплейстæ байгом, уыдоны пиротехникæ æмæ æндæр судзгæ æрмæг куыд æвæрд æмæ хъахъхъæд цæуынц, уыцы хъуыддæгтæ дæр. Ахæм продукци 16-аздзыдтæн уæйгонд кæй цæуы, уый закъоны бындурыл æгъдаухæлдыл нымад у. Денис Мантуров куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ 2023 азæй абонмæ пиротехникæ æмæ судзгæ æрмæджыты аххосæй зынгсирвæзтытæ æрцыдис 360 хатты, хъыгдард дзы баййæфтой 60 адæймаджы, сæ фылдæр – сывæллæттæ.

Æмбырды кæрон Дзанайты Барис радзырдта, ацы фарстайы фæдыл Цæгат Ирыстоны цавæр архайд цæуы, уый тыххæй:

– Нæ республикæйы промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухмæ уæлдай тынгдæр цæстдард цæуы. Ацы темæтыл арæх ныхас кæнæм регионалон Къамисы æмбырдты. Биноныгæй куыст цæуы, пестицидтæ æмæ агрохимикаттæй пайда кæныны æнæзакъон архайды ныхмæ. Нæ цæст дарæм пиротехникæ æмæ æнцонтæй чи ссудзы, ахæм æрмæджытæ маркетплейсты куыд уæйгонд цæуынц, уыцы фарстатæм. Нæ равзæрст нысантæ иууылдæр баст сты адæмы æдасдзинадимæ. Ацы хъуыддæгтæ нын бахæс кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ уыцы куыст дарддæр дæр æххæст кæндзыстæм, – загъта Дзанайты Барис.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## Дзырды фарн

***Уалдзыгон хур – мæ чындзыты,***
***фæззыгон хур – мæ чызджыты.***

*ÆМБИСОНД*

Хъæугæ ныхас

# Сæйрагдæр у зымæгмæ цæттæдзинад

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд скодта, уым ныхас цыд артаджы-энергетикон комплекс, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад 2026-2027 азты зымæгмæ бацæттæ кæнын æмæ цæрæнуæттæм цæстдард саразыныл.**



Æмбырды архайдтой æппæт бæрнон ведомствæты разамонджытæ, «Ростехнадзор»-ы, фæрæзтæдæттæг организациты минæвæрттæ, районты разамынд. Дзанайы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хъуамæ хъармдæттæн афон æнæкъуылымпытæй ахицæн уа.

«Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады ведомствæйы, «Газпром»-ы, «Россети»-йы руаджы стыр куыст конд æрцыд. Æппæт хъуыддæгтæм «Ростехнадзор»-имæ иумæ нæ цæст дарæм. Сæйрагдæр хæстæй иу у, цæмæй æппæт нысантæ дæр æххæстгонд æрцæуой. Хъуамæ цæрæнуатон-коммуналон комплекс æнæкъуылымпытæй бакуса. Ахæм хæс ныл æвæры нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло», – загъта Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады ведомствæйы хицауы хæдивæг **Бокоты Витали** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй комплекс зымæгмæ цæттæ у 100 проценты онг. Бацæттæ кодтой 250 агдоны, хъармдæттæн хызты 250 километры, доны хæтæлты 3,5 мин километры. Цавæрдæр къуылымпытæ аиуварс кæныны тыххæй фæстауæрц сæвæрдтой материалон-техникон фæрæзтæ. Куыстмæ цæттæ сты аварион бригадтæ, электрон тыхы фæстауæрцы гуырæнтæ дæр рæвдз сты.



Бокойы-фырт куыд фехъусын кодта, афтæмæй «Газпром межрегионгаз Владикавказ» зымæгмæ цæттæ у 100 проценты бæрц, «Россети Цæгат Кавказ» та – 90 проценты бæрц. Дарддæр ныхас рауад цæрæнуæттæм цæстдард саразыныл. Республикæйы ис 2953 бирæфатерон хæдзары, сæ фылдæримæ нырмæ цæттæдзинады акттæ бафыстæуыд. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы амындмæ гæсгæ, 1223 бирæфатерон хæдзары та сбæрæг кодтой зынгсирвæзтæй æдасдзинад. Суанг хæдзæртты цартæ æмæ ныккæндты онг.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады ведомствæйы хицауы хæдивæджы ныхасмæ гæсгæ, 930 ныккæнды ныссыгъдæг кодтой, иннæ ныккæндты куыст цæуы. Æппæт ацы хæдзæрттæ сты разамынддæттæг компаниты бæрны, фæлæ сæ коммæ хæстæ не 'ххæст кæнынц. Ныртæккæ уыцы компаниты ныхмæ мадзæлттæ арæзт цæуы.

Дзанайы-фырт кæронбæттæны куыд радзырдта, афтæмæй зымæгмæ цæттæ кæныны куыстытæ кæронмæ ахæццæ кæнын хъæуы, хъуамæ районтæ цæрæнуæттæм цæстдарды организаци æмæ «Ростехнадзор»-имæ иумæ æппæт нысантæ æххæст кæной.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Уæлахизы Музей

# Дзотты Лазыры лæгдзинад

**Нæ бæстæйы Уæлахизы Музей царды уадзы проект «Одна на всех». Музейы кусджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман цы хъæбатырдзинæдтæ æвдыст æрцыд, уыдонимæ зонгæ кæнынц Уæрæсейы цæрджыты. Проект баст у нæ бирæнацион бæстæйы хъæбатыртимæ, конд цæуы Уæрæсейы адæмты иудзинады кадæн.**



Хъæбатырты 'хсæн ис ирон лæппу Дзотты Лазыр дæр. Музейы сайты фæзынд, æмбал кæмæн нæй, ахæм лæгдзинады истори. Дзотты Лазыр райгуырд 1920 азы Дыгуыры районы Дур-Дуры хъæуы, бинонтæ кодтой зæххы куыст. Скъолайы фæстæ Лазыр ахуырмæ бацыд хъæууонхæдзарадон кусæг факультетмæ. Уый фæстæ сахуыр кодта педагогон институты историон факультеты. Дур-Дуры скъолайы куыста историйы ахуыргæнæгæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман каст фæцис Лепельскаг фистæгæфсæддон училищæ, 1942 азы æрыгон лейтенант Дзотты Лазыр нысангонд æрцыд 100-йæм æхсæг дивизийы 454-æм æхсæг полчъы пулеметон взводы командирæй. Йæ службæ хаста Воронежскаг 40-æм æфсады. 1942 азы июлы, дивизи Масловка æмæ Тавровойы хъæуты цур хъахъхъæныны нысанимæ бынат бацахстой.

1942 азы 15 августы, æфсады дæлхайæдтæ Чижовскаг плацдармы размæ абырстой. Воронежы доны сæрты Дзотты Лазыр йæ дæлхайад атакæйы ракодта. Уæззау цæф фæцис, фæлæ йæ бардзырд уыд ахæм, размæ бырсут, командирмæ ма кæсут, зæгъгæ. Йæ цæфтæй туг калд, афтæмæй бахæццæ знæгты фидармæ æмæ йæ амбразурæйыл йæхи гранатæимæ баппæрста. Амбразурæ йæ риуæй сæхгæдта... Йæ дæлхайад фæуæлахиз.

Дзотты Лазыры баныгæдтой Воронежы «Чижовскаг плацдарм»-ы мемориалон комплексы æфсымæрон ингæны. Йæ хъæбатырдзинад æмæ æвзыгъддзинады тыххæй Дзотты-фырт йæ амæлæты фæстæ хорзæхджын æрцыд «Воронежсаг зæххы арфæ»-йæ, йæ ном хæссы Воронежы уынгтæй иу, 2022 азы Чижовскаг плацдармы байгом кодтой Дзотты Лазыры бюст.

Ацы азы дæргъы Уæлахизы Музей проекты фæлгæты рæгъмæ хæсдзæн, фронты æмæ фæсчъылдымы лæгдзинад чи равдыста, уыдоны тыххæй æрмæджытæ. Не стыр бæстæйы бирæнацион адæмты минæвæртты биографитæ æвæрд уыдзысты музейы сайты.

**Уæлахизы Музейы пресс-службæ**

Ахуырадон-методикон æмбырдтæ

# Зынгсирвæзтæй бахизыны нысантæ

**Регионы зынгсирвæзты-ирвæзынгæнджыты дæлхайæдты кусджыты размæ дыууæ боны дæргъы рахастой ахуырадон-методикон ногдзинæдтæ. Астæуккаг æмæ хистæр хицауиуæггæнæг службæгæнджытæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон управленийы 1-æм ахуырадон пункты дæсныдзинады æппæт ног нысантæ базыдтой.**



Дыууæ боны зынгсирвæзты-ирвæзынгæнæг службæйы разамонджытæ равзæрстой зынгсирвæзтæй бахъахъхъæнын, хæстон цауты архайын, газæй хайджын фæздæг уадзыны службæ саразын, æддагон объекттæ зынгсирвæзтæй бахизынæн доны æфсисад, службæйы æппæт уæнгты нывыл цæттæдзинад æмæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæ. Уæлдай æргом аздæхтой æппæт уыцы хъуыддæгтæ практикон æгъдауæй скæнынмæ.

Ацы ахуырадон-методикон æмбырдтæ конд сты дыууæ хайæ, ома, теори æмæ практикæйæ. Лекциты фæстæ алчидæр йæ зонындзинæдтæ равдыста, кæронбæттæны скодтой хатдзæгтæ æмæ сæ размæ сæвæрдтой ног нысантæ. Ахæм æмбырдты фæрцы разамынддæттæг адæймæгты цæттæдзинады æмвæзад уæлдæр кæны. Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон управленийы разамонæджы хæдивæг **Владимир Бутэнко** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй оперативон службæйы архайдæн йæ иумæйаг домæнтæ сты ахсджиаг, зынгсирвæзты-ирвæзынгæнджыты службæйы цæттæдзинад хъуамæ кæддæриддæр уа бæрзонд уавæры.

**Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон управленийы пресс-службæ**

# 2026 азы январь-июлы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы социалон-экономикон уавæр

Цæгат Кавказы статистикæйы управленийы цæгатирыстойнаг дæлхайад бацæттæ кодта 2026 азы январь-июлы социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæ.

**Куыстуæтты бакуыст** (хиконд товарты аргъ, хи хъарутæй конд куыстытæ æмæ лæггæдтæ, æндæр рæтты æлхæд товартæй æфтиæгтæ) 2026 азы январь-июльмæ рауадысты 163895,4 милуан сомы. Ивгъуыд азимæ абаргæйæ, уый у 110 проценты.

**Промышленнон бакуысты** индекс 2025 азимæ абаргæйæ, рауад 102 проценты.





**Пайдаджын æрзæтты бакуыст рауад** 101,7 проценты, уымæн æмæ хуыр, доломит, чъыр фылдæр самал кодтой.

Хомагимæ архайæг куыстуæттæн æфæдзы æмбисмæ сæ бакуысты индекс рауад 104,1 проценты.

Электрон тых, æрдзон газ, доны тæф, уæлдæф сыгъдæггæнæн индекс та у 99,5 проценты.

Донæфсисады, донуадзыны, бырон æмбырд кæнын æмæ йæ бакусыны архайд, сыгъдæгдзинадыл куыстыты индекс рауад 83,9 проценты.

**Арæзтады къабазы** 2026 азы январь-июльмæ бакодтой 13627,5 милун сомы аргъ куыстытæ. Ивгъуыд азы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ та ацы бæрæггæнæнтæм гæсгæ уый у 84,5 проценты.

**Цæрæн хæдзæрттæ** сарæзтой 301876 квадратон метры (ам нымад цæуынц, раздæры дыргъцæхæрадæтты зæххытыл кæй сарæзтой, уыцы хæдзæрттæ дæр). Фароны азимæ абаргæйæ, у 9,8 проценты къаддæр.

Сæйраг капиталмæ бавæрд инвестицитæй афæдзы райдайæнæй июлы онг пайдагонд æрцыдысты 13558 милуан сомы бæрц, уый у, 2025 азы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 102,6 проценты.

**Хъæууон хæдзарады** алы къабæзты бакуыст, рагагъоммæ нымадмæ гæсгæ, рауад 7513 милуан сомы, кæнæ ивгъуыд азимæ абаргæйæ, 2 проценты къаддæр.

Хъæууонхæдзарадон куыстуæтты, 1 августмæ, хоры-кæрдзæмджын культуртæ (нартхор нæ нымайгæйæ) бафснайдтой 13,5 мин гектары фæзуатыл, йæ тыллæг рауад 46,3 мин тоннæйы. Фаронимæ абаргæйæ, уый у 40 проценты къаддæр. Рæстæмбисæй алы гектарæй дæр æркарстой 34 центнеры, бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы азы тыллæг 18 проценты къаддæр рауад. Зетийы культуртæ (æнæ æхсынæнæй) бафснайдтой 6,7 гектары, тыллæгæй зæрдæрухс сты, рауад 15 мин тоннæйы бæрц, фаронæй фылдæр.

Хæдзарæдтæ стурвос дарынц, июлы мæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 88,3 мин сæры, уыдонæй дуцгæ хъуццытæ сты 34 мин сæры, хуытæ – 4,3 мин сæры, фыстæ æмæ сæгътæ – 68 мин сæры, мæргътæ – 1132 мины.



Алы аххосæгтæм гæсгæ хъæууонхæдзарадон куыстуæтты фосы нымæц фæкъаддæр ис. Зæгъæм, стурвос – 15 проценты, хъуццытæ – 10 проценты, фыстæ æмæ сæгътæ – 22 проценты, мæргътæ 23 – проценты.

Ацы азы январæй июлы онг къаддæр ауæй кодтой хоры продукци, стуры æмæ карчы дзидза, æйчытæ, æхсыр æмæ æхсыры продукттæ.

**Автомобилон транспорты** уæзæгты зилдух фæкъаддæр ивгъуыд азимæ абаргæйæ, æмæ рауад 5750 мин километры. Бæлццæттæ дæр 0,4 проценты къаддæр аластой. Базарады кусджытæ 2026 азы райдайæнæй ауæй кодтой 128757 милуан сомы аргъ, уый у, 2025 азимæ абаргæйæ, 103 проценты. Хицæн амалхъом адæм, æнæ базарадæй чи кусы, уыдонæн дæр сæ æфтиæгтæ фæфылдæр сты, базарты æмæ армукъаты товартæ ауæй кодтой 10 проценты фылдæр.

**Æхсæнадон хæрæндætты** зилдухæй æфтиæгтæ æрбацыд 7490 милуан сомы, æргътæ абаргæйæ, уый у 98,3 проценты, фароны бæрæггæнæнтæ райсгæйæ.

**Базарады зилдух** 2026 азы рауадис 41596,7 милуан сомы. Уый у, 2025 азы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 16 проценты фылдæр.

**Адæм фидгæ цы лæггæдтæн кæнынц,** уыцы æфтиæгтæ рауадысты фаронæй 8 проценты фылдæр, кæнæ – 29283 милуан сомы.

**Бæлвырдæй адæммæ чи æрбафтыд,** уыцы фæрæзтæ, афæдзы æхсæз мæймæ рауадысты 101,7 проценты, ивгъуыд азимæ абаргæйæ. Уыимæ, иу адæймагмæ, рæстæмбис нымадæй, бафтыд 48 мин сомы бæрц.

Фаронимæ абаргæйæ, фылдæр рауадис мызд фидыны хъуыддаг дæр. 2026 азы январь-июны мæйы рæстæмбис мызд нæ республикæйы, статуправленийы нымадмæ гæсгæ, рауад 58800 сомы.

**Паддзахадон статистикæйы федералон службæйы Цæгат Кавказы федералон зылды управлени**

## 28 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние Новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время 16+
22.00 Т/с «Центурия» 16+
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести 12+
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время 12+
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Доктор Краснов» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон.
09:45 Утро России.Алания.
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня 12+
06.25 Утро. Самое лучшее 16+
08.25, 10.35 Т/с «Лесник» 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Невский» 16+
22.15 Т/с «Тверская» 16+
00.40 Ч.t.д 16+
01.15 Т/с «Степные волки» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.40, 06.20, 07.05, 08.00, 09.30, 10.15, 11.10, 12.05, 03.35, 04.15 Т/с «Наш спецназ-3» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Давай разберемся! 12+
13.30, 22.20 Т/с «Великолепная пятерка-8» 16+
14.20, 15.15, 16.05, 23.05 Т/с «Великолепная пятерка-6» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.35, 21.25 Т/с «След» 16+
00.30, 01.20, 02.15, 02.55 Т/с «Настоящий-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Легенды мирового кино 16+
07.50 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.30 Д/ф «Первые в мире» 16+
08.50 Х/ф «Обретешь в бою» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 00.55 XX Век 16+
11.50 Х/ф «История одного подзатыльника» 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00, 20.05 Атланты 16+
13.40 Х/ф «Шведская спичка» 16+
14.35 Д/ф «Диалог с легендой. Ольга Лепешинская» 16+
15.30 Агора 16+
16.30 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
17.15, 01.20 Александр Сладковский и Государственный академический симфонический оркестр Республики Татарстан 16+
18.05 Д/ф «Пермь. Особняк Грибушина» 16+
18.35 Факультет истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.45 Спокойной ночи, малыши! 12+
21.00 Д/ф «Нюрнбергский процесс. Глазами переводчиков» 16+
21.45 Сати. Нескучная классика... 16+
22.30 Т/с «Следователь Тихонов» 16+
23.20 Вначале было дело, или История русской промышленности 16+
00.05 Ступени цивилизации 16+
02.15 Х/ф «Цвет белого снега» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 «Непобедимый» 12+
07.00, 09.00, 12.25 Новости
07.05, 11.35, 14.45, 23.35 Все на Матч! Прямой эфир
09.05 «Лица страны. Данил Лысенко» 12+
09.25 Футбол. Чемпионат мира-2026. Эквадор - Германия. Трансляция из США 6+
12.05 Специальный репортаж 12+
12.30 Есть тема! Прямой эфир
13.55 II Всероссийская спартакиада. Прыжки в воду. Женщины. Синхронные прыжки. Трамплин 3 м. Прямая трансляция из Екатеринбурга
15.25 II Всероссийская спартакиада. Прыжки в воду. Мужчины. Вышка. Прямая трансляция из Екатеринбурга
16.30 Громко. Прямой эфир
17.55 «Манчестер Юнайтед. Вперед к славе». Документальный фильм 12+
19.20 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Торпедо» (Нижний Новгород) - «Салават Юлаев» (Уфа). Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.40 Велоспорт. Шоссе. Чемпионат мира. Групповая гонка. Женщины. Трансляция из Канады 6+
02.40 «Величайший». Документальный фильм 16+
03.55 Новости 0+
04.00 II Всероссийская спартакиада. Баскетбол. Женщины. Финал. Трансляция из Екатеринбурга 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Смех, дрожь и видео 16+
08.50 Х/ф «Пианистка-3» 16+
10.45, 00.30 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 12+
11.50, 03.00 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.55 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Орлинская» 16+
16.55 Актерские драмы 16+
18.15 Х/ф «Черные начинают-белые выигрывают» 16+
22.35, 05.25 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.45 Д/ф «Тайная комната. Королевский мезальянс» 16+
01.30 Д/ф «Брак на скорую руку» 16+
02.10 Д/ф «Следствие ведет КГБ» 16+
04.40 Д/ф «Маргарита Назарова и Иван Дмитриев. Укрощение строптивых» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.35 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.30 Тест на отцовство 16+
10.40 Д/ф «Прости меня» 16+
11.45 Д/ф «Беду отведу» 16+
12.55, 01.10 Д/ф «Знахарка» 16+
13.30, 01.35 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 02.05 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Выбираю нас» 16+
19.00 Х/ф «Месть не выше любви» 16+
23.05 Д/ф «Понять. Простить» 16+
00.15 Т/с «Порча» 16+
04.10 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.20, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
15.00 Дикий, дикий мир 16+
17.00, 02.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
20.55 Х/ф «88 минут» 16+
23.25 Т/с «Пираты XXI века» 16+

### СТС
05.00 С легким утром! 16+
10.10 Х/ф «Выбери меня» 16+
12.05 Х/ф «Говорит Земля!» 16+
14.30, 15.35, 16.40 Т/с «История его служанки» 16+
17.55, 20.00, 20.30 Т/с «Трудный ребенок» 16+
21.00 Х/ф «Доспехи Бога. В поисках сокровищ» 16+
23.05 Х/ф «Полицейская история. В осаде» 18+
01.20 Х/ф «Рожденный чемпионом» 16+
03.05 М/ф «Ветер крепчает» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
09.00 Большой куш 16+
20.00, 21.00 Т/с «Капитан Туман» 18+
20.25 Т/с «Капитан Туман» 16+
21.30, 22.30 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.30 Х/ф «Такси-2» 16+
01.10 Х/ф «Такси» 18+
02.40, 03.25, 04.15 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 29 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
